**UDK: 81’27:81’373.612.2:316.346.2**

# GENDER TÚSINIGINIŃ DÚNYA TIL BILIMINDE PAYDA BOLIWI HÁM ÁHIMIYETI

**Sailaubaeva G. A.**

*QMU 2-kurs tayanısh doktorantı*

Házirgi tezlik penen rawajlanıp baratırǵan dáwirde hárbir salada anaǵurlım reformalar júz bermekte hám álbette lingvistika tarawına da óz tásirin tiygizbesten qoymadı. Til ilimi bul úlken bir okean sıyaqlı, onıń bir jaǵasınan ekinshi jaǵasına júzip barıw ushın hátteki pútkil bir insan ómiri jetkiliksiz. Sebebi ondaǵı biz bilmegen sıyqırlı dúnyanı tanıw, úyreniw izleniwshiden kútá sabırlıqtı puxtalıqtı talap etedi. Zaman rawajlanıwı hám insanlardıń ko’z- qarasları túrlishe ózgeriwi menen til iliminde birqansha sorawlardıń payda bolıwı, aldıńgı teoriyalarǵa sın pikirlerdiń payda bolıwı, olardı túrlishe dodalawlarǵa sebep bolıp kelmekte. Usı barıstan, til iliminde 60-70- jıllarda jańadan “gender” termini qollanıla basladı. Bul termin 20-asir ortalarınan baslap keńnen qollanılıp baslansa da, aldıńgı ilimpazlardıń jumıslarında basqa termin yáki sózler arqalı jarılıtıp berilgen yaǵnıy bunnan aldıńgı dáwirlerde erkekler hám hayallar ortasındaǵı ayırmashılıqlar bolsada olarǵa arnawlı izertlew baǵdarı esabında qaralmaǵan.

Gender termini kópshilik ilimpazlar túrlishe sıpatlamalar beredi. Mısalı ushın, “gender” bul tek ǵana biologiyalıq sıpattı bildiriwshi degendi ańlatadı delinse, al basqa alımlar onı jámiyet penen baylanıslı yaǵnıy sol belgili bir jınıs iyeleriniń sol jámiyet ta’repinen endirilgen qaǵıyda, dástúrlerge boysınǵan halda qáliplesiw dep pikirler bildiredi.

Genderlik izertlewlerdiń tiykarǵı maqseti – jámiyette er adamlar hám hayallarǵa degen tillik qarım-qatnastı anıqlastırıw, jámiyetlik hám milliy qaǵıydalarǵa baylanıslı minez-qulıq ózgesheliklerin, olardıń hayal yáki er adamǵa tán qásiyetleriniń tillik belgilerin anıqlawdan ibarat. Eń dáslep «gender» terminin ilimge R.Stoller «Sex and Gender» atamasındaǵı miynetinde paydalanadı. Lekin, ol eki termin ortasındaǵı parıqtı dál kórsetip bermegen [11]. Sońınan, ilimpaz G.Rubin hám R.Ungerler bul eki túsiniktiń bir-birinen parqın anıq kórsetip beredi. Batıs ellerinde bul máselege baylanıslı izetlewlerde «gender» termini ele tolıǵı menen ilimiy aylanısqa túspesinen aldın «sex», «sexus» sózleri termin sıpatında qollanılǵan. Gender túsinigi zamanagóy lingvistikada basqa sociallıq pánlerge qaraǵanda keyinirek, XX ásirdiń ekinshi yarımında kirip kelgen. Genderlik lingvistika genderlik ózgesheliklerdi izertlewshi til biliminiń tarawı bolıp, onda genderlik stereotiplerdiń, genderlik belgilerdiń til biliminde sáwleleniwi sóz etiledi.

Atap aytqanda, V.A. Kirilina: bul yáki sol jınısqa tiyisli bolıwdı anıqlaw tek ǵana anatomiyalıq hám fizikalıq qásiyetleri arqalı emes, al bálkim sol yáki basqa jámiyette belgilegen genderlik rollerdi atqarıw arqalı anıqlanadı dep óziniń bahalı pikirlerin bildrip o’tedi [7.19]. Gender tu’sinigi keń qamırawlı bolǵanlıqtan ol tikkeley jámiyet penen baylanıslı boladı.

Jámiyette strukturalizmniń sınǵa alınıwı hám onıń ornına pragmatikalıq analizge dıqqat awdarılıwı nátiyjesinde gender túsinigi ilimge kirip keldi. Genderlik lingvistikanıń ilim retinde qáliplesiwi, jámiyetlik áhmiyetke iye bolǵan máselelerdi júzege shıǵaradı. Lingvistikalıq jaqtan úyrenilgen materiallar hárbir etnosta ushırasadı. Qáliplesken stereotiplerdi, genderlektlerdi, genderlik rollerdi tereńirek analizlew arqalı gender máselesiniń tildegi sáwleleniwiniń qanshelli áhimiyetke iye ekenligi anıqlanadı. Sonlıqtan da, ilimpaz G.A.Brandt «gender – mádeniyat tásiri astında bolatuǵın, ruwxıy jaqtan hayal hám erkeklerdiń minez-qulıq hám sóylew ayırmashılıqların bahalay alatuǵın ózgeshelikler jıynaǵı»– dep kórsetedi [1.168]. Amerikalı alım James Koat: «tek ǵana bir jınıs penen baylanıslı formalar bolmaydı, lekin erkekler hám hayallar tárepinen ayırım formalardı qollanıwǵa meyillik boladı» - deydi [2.49]. Ilimpazdıń pikirin maqullay otırıp, hayallar hám er adamlardıń kommunikativ baylanıs ornatıwda ózgesheliklerge iye ekenligi bayqaladı. Bul ózgeshelikler tilimizdiń awızeki stilinde de, jazba stilinde de ayqın kórinedi.

P. Ekkert hám S. Makkonel-Djaynet gender erkekler hám háyellerdiń tutqan ornı hám minez- qulqın tu’sindiriwshi adamnıń jınıslıq o’zgeshelikleriniń sociallıq maslasıwı dep maqullaydı. Olardıń pikirinshe, erkek hám háyeldi anıqlaw, sonday-aq jámiyette tutqan orınlardı bólistiriw oǵada sociallıq xarakterdi óz ishine aladı, yaǵnıy genderlik orınlardı (rollerdi) adamlardıń minez- qulqın tártipke salıwshı, hám jámiyetten ráhatleniwshi “úyretilgen minez-qulq modelleri” dep anıqlastırsaq boladı [3.48]. Solay etip, gender- bul tek ǵana biz bar ekenimiz emes, al biz ózimizdi qalay tutatuǵınlıǵımız. Mısalı ushın, erkek adam qorıqpawı kerek, jılamawı kerek, emociyaların kórsetpewi kerek dep esaplanadı, qalǵan bárshe sheklewler jámiyet tárepinen qaralanadı. Yaǵnıy belgili bir jámiyet jınıs wákillerine qanday kóz- qarasta qarasa gender túsinigi de sol kórsetpelerge boysınadı.

Usı sıyaqlı kóplegen alımlar gender túsinigin jınıs mánisinen awısıp jámiyet penen baylanısqan halda qáliplesiwshi termin esabında qaraydı. Biraq bul terminniń mánisin beriwshi ingliz tilinde “sex” ya’ki jınıs sózleri anaǵurlım aldınraq alımlar tárepinen qollanılıp, izertlenip baslaǵan. Lingvistikalıq ádebiyatlarda "gender" termini kóp qollanılmaydı. Gender ayırmashılıqlardı izertlewshi ilimpazlardıń kópshiligi "sex" (pol/sexus) sózin qollansa da, inglis tilindegi miynetlerde eki atama bir waqıtta qollanıladı. Geyde "gender" termini hám "rod" sózi egiz sıpatında qollanıladı. Bulardıń barlıǵı gender izertlewlerinde atamalardıń aljasıwına alıp keledi [12.80].

Biraq, keyinshelli ilim-pánde bolǵan ózgerisler ha’m insanlardıń oy-órisi, kóz-qarasları hám jasaw tárizleri ózgeriwi menen er adam hám hayallar ortasındaǵı ayırmashılıq onshelli kóp emes, eń tiykarǵı násil qaldırıwdaǵı ózgesheligi degen juwmaqqa keliwshilerde anaǵurlım sandı quradı. Mısalı ushın, rus iliminde genderologiya ilimi menen shuǵıllanǵan aldı ilimpazlardıń biri A.V. Kirilina hám basqada ayırım izertlewshiler “erkek hám háyeller ortasındaǵı birden-bir ayırmashılıq olardıń násil qaldırıwdaǵı tutqan ornı, al basqa qalǵan sıpatları birdey dep oylaydı”. Zamanagóy izertlewler boydıń uzınlıǵı, fizikalıq kúsh hám taǵı basqada fiziologiyalıq ózgeshelikler hárdayım jınıs penen baylanıslı bolmawın kórsetedi. Atap aytqanda, házirgi kúnde deyerli kóshilik háyel adamlar er adamlar kibi jámiyet jumıslarında, sport tarawınan baslap awıl-xojalıq jumıslarına deyin belsendilik kórsetip kelmekte. Mısalı ushın, er adamlarǵa tán sport túrleri

bodibilding, gúres, qurıwshı sıyaqlı awır fizikalıq kúshti talap eteuǵın tarawlardan baslap joqarı lawazımlı shaxslar yaǵnıy mámleket ǵayratkeri, kompaniya basqarıwshısı sıyaqlı jónelislerde teńdey jumıs alıp barmaqta. Bunday ózgerislerdiń bolıwı hám insanlardıń jınıs wákillerine bolǵan kóz-qaraslarınıń ózgeriwi, til iliminde gender túsiniginiń ózgeriwine alıp keledi. Sebebi joqarıda keltirip ótkenimizdey, gender bul jámiyet penen tikkeley baylanıslı bolǵanlıqtan ol bir qálipte qatıp qalatuǵın termin yáki qaǵıyda emes, onıń qollanıw túrleri hám formaları ózgeriwi múmkin ekenligin kórsetedi.

Bunnan kórinip turǵanınday fiziologiyalıq ayırmashılıqtan basqa adamlardı jámiyette tutqan ornına, jumıs alıp barıwına, minez- qulq ayırmashılıǵında hám emociyalıq sıpatlarına qarayda ajıratıw bar. Erkek hám háyellerdiń túrli sociallıq rolleriniń bar bolıwı, sonday-aq adamlardıń biologiyalıq jaqtan uqsaslıǵı sonı kórsetedi yaǵnıy jınıstıń biologiyalıq sıpatlaması bul yáki ol jámiyette bar bolǵan tártip hám sociallıq rollerdiń ayırmashılıqların túsindirip bere almaydı. Solay etip, jınıstıń genderden ayırmashılıǵın I.V. Dreval so'zleri menen túsindirsek boladı, dóngelek stol aylanasında aytılǵanlardan "Genderlik izertlewler: maqset hám nátiyjeler": "Jınıs- bul kiyimsiz erkek hám nashar, al gender- álleqashan kiyingeni" [9. 369-370]. Bul degeni, jınıs bul tuwılǵanımızda hesh qanday sırtqı tásirlersiz bolıwımız, al gender bul waqıtlar o'te qorshaǵan ortalıqqa tán zatlardı qabıllay otırıp kónlikpeler arttırǵan son payda bolıwı dep túsiniwimiz múmkin.

Genderologiya ilimindegi tiykarǵı jumıslardan biri Vilgelm fon Gumboldttiń "Jınıslar arasındaǵı ayırmashılıq hám onıń organikalıq tábiyatqa tásiri haqqında"ǵi maqalası bolıp tabıladı. V. fon Gumboldt eń iri tilshi ilimpazlardıń biri edi.

V. fon Gumboldt "Jınıslar arasındaǵı ayırmashılıq hám onıń organikalıq tábiyatqa tásiri haqqında" degen miynetinde, bálkim, birinshilerden bolıp erkek hám háyel jınısları arasındaǵı ayırmashılıq mashqalasın hám bul ayırmashılıqtıń tábiyatqa tásirin kórip shıqqan. Ol bılay dep jazǵan edi: "Fizikalıq tábiyat ádep-ikramlılıq tiykarı menen bir ullı bir pútinlikti quraytuǵının hám ol hám basqa qubılıslar birdey nızamlarǵa baǵınatuǵının biykarlap bolmaydı.

V. fon Gumbolt óz miynetinde erkekler jınısına islep shıǵarıwshı kúsh, háyeller jınısına bolsa qabıl etiwshi kúsh tán ekenligin kórsetedi. V. Fon Gumbolt tusiniginde femininlik - bul tábiyiy forma bolıp, maskulinlik oǵan civilizaciyalıq forma beredi. Erkeklik belsendilik hám baslamashılıqtı bildirse, háyel adamgershilik passivlik hám boysınıwshılıqtı bildiredi.

Simvolik-semantikalıq teoriya rod kategoriyası bolmaǵan tillerdiń ashılıwı menen baylanıslı túrde gúmanǵa ushıradı. Biraq grammatikalıq rod kategoriyasınıń sózlerdiń qabıl etiliwine tásir etiwi ózgerissiz qaldı. Demek, háyellerdiń sózlerine háyellerdiń, erkeklerdiń sózlerine erkeklerdiń sıpatları berilgen.

Biraq waqıtlar ótiwi menen, XX ásir baslarında belgili alım Z. Freyd "anatomiya bul táǵdir" degen edi. Bul pikir, erkekler hám háyeller arasındaǵı anatomiyalıq ayırmashılıqlar olardıń tariyx hám jámiyettegi ornın belgileydi. Z. Freyd mádeniyattı erkektin háyelge bolǵan jınısıy qushtarlıǵınıń qanday da bir sublimaciyası sıpatında kórsetedi. Bunda ol háyeldiń jalǵız wazıypası perzent tuwıw, basqa hesh nársege uqıplı bolıwı múmkin emesligin bildiredi [10.27]. Bunday pikirlerdiń bar bolıwı, hayal adamnın' ja'miyettegi roli deyerli joq esaplanǵanı sol dáwirdegi hayallardıń ortasında básekilerge sebep boldı hám XX ásirdiń 60-70- jıllarında eń birinshi feministlik baǵdarlardıń payda bolıwı gúzetiledi.

Rus til biliminde gender máselesi boyınsha dáslepki izertlewler XX ásirdiń 80-jıllar aqırı 90-jıllardıń baslarında qolǵa alındı. Rus til biliminde gender máselesi dáslep túrli lingvistikalıq baǵdarlar quramında úyrenildi. *Birinshisi,* psixolingvistikalıq hám sociolingvistikalıq izertlewler bolıp, bunda hayallar hám erlerge tán awızsha hám jazba tekstlerdiń ózgeshelikleri, sóylewshiniń jası, jınısına baylanıslı parıqlardıń qarım-qatnasqa tásiri sóz etiledi. *Ekinshisi,* hayal hám erkek atamalarına baylanıslı izertlewler hám rod kategoriyasına baylanıslı máseleler sheńberinde úyrenildi [6. 41]. Rus til biliminde genderlik izertlewlerdiń eń dáslepkileri qatarında T.B.Kryuchkovanıń miynetin atap ótiwge boladı. Ol kórkem proza tiline statistikalıq tallaw jasap, er hám hayal avtorlardıń sózlerdi qollanıwdaǵı ózgesheliklerin anıqlaydı [8]. Sonday-aq, T.V.Gomonnıń izertlew jumısı dáslep kriminalistlik materiallar retinde toplanǵan bolsa da, sońın ala er hám hayallar tilin izertlewdiń praktikalıq baǵdarın qáliplestirdi yaǵnıy, er hám hayallar sóylew tilindegi sáykesliklerdi, ayrıqsha bayqalatuǵın belgilerdi úyrenedi [4]. E.I.Goroshko bolsa, óz izertlewin er hám hayallardıń jası, bilim dárejesi, jámiyetlik belsendiligine baylanıstırıp úyrenedi [5].

Juwmaqlap aytqanda, gender – jámietlik-mádeniy, sociallıq strukturası, erler hám hayallardıń tek ǵana biologiyalıq ózgeshelikleri emes, al, sonıń menen birge olarda sociallıq- mádeniy ózgeshelikler nátiyjesinde qáliplesken roli hám juwapkershiligi bolıp esaplanadı. Dúnyanıń tillik kartinası sheńberinde gender («jınıs») kategoriyası dıqqat qaratıwdı oǵada talap etedi. Genderologiya lingvistikanıń bir tarawı esabında ele de tereńirek úyreniwlerge mútáj sebebi ol insan hám jámiyet penen tikkeley baylanıslı. Onıń házirgi zaman til bilimindegi rawajlanıwın meńgermesten aldın, túp negizine az bolsada kóz juwırtqanımız durısraq boladı. Joqarıdaǵılardan biliwimiz múmkin gender bul tek ǵana anatomiyalıq ajıratıw emes bálkim sol jınıs wákillerine say qásiyet, sıpatlama hám sol jámiyet tárepinen jınıs iyeleri ushın tán alinǵan negizler, kóz-qaraslar esaplanadı.

**ÁDEBIYATLAR**


1. Brandt, G. A. "Природа женщины как проблема: Концепция феминизма", Москва, «Общественные науки и современность», №2, 1998, B.167-189.
2. Coates, J. "Женщины, мужчины и язык//Гендер и язык". Москва, Высшая школа, 2005, B.49.
3. Eckert, P., & McConnell-Ginet, S. "Language and gender". New York, Cambridge University Press, 2003, B- 48.
4. Gomon, T. V. "Исследование документов с деформированной внутренной структурой", дисс.канд.юр.наук. Москва, МГУ, 1990
5. Goroshko, E. I. "Особенности мужского и женского речевого поведения (психолингвистический анализ)" дисс. канд.фил.наук –Москва, РАН, 1996.
6. Kirilina, A. V. "Гендер: лингвистические аспекты" (монография). Moskva, 1999, B-41.

7. Kirilina, A. V. “О применении понятия гендер в русскоязычном лингвистическом описании” //Филологические науки — М: 2000 -№3. 18- 27 betler
8. Kryuchkova, T. B. “Некоторые экспериментальные исследования особенностей использования русского языка мужчинами и женщинами” // Проблемы психолингвистики. Москва, 1975.
9. Sabunaeva, M. L., & Guseva, Yu. E. “Гендерный подход в практике школьного психолога”. В кн.: Практикум по гендерной психологии, Sank  Peterburg, 2003, B- 369-370.
10. Stashkova, M. A. “Функционирование пословиц и антипословиц с гендерным компонентом в современном английском языке”, Москва, MSLU, 2015, B-27.
11. Stoller, R. J. "Sex and gender: The development of masculinity and femininity”, New York, Science House, 1968.
12. Torebaeva, F. “Формирование понятия гендера в лингвистике”, Tashkent, 2024, B-79-84.

**Rezyume.** Ushbu ishda gender tushunchasi ilmiy va lingvistik nuqtai nazardan tahlil qilinadi. Tadqiqotda gender faqat biologik jins (sex) bilan cheklanmasdan, balki jamiyat bilan chambarchas bog‘liq ijtimoiy konstruksiya ekanligi ko‘rsatib beriladi. Dastlab ilmiy adabiyotlarda “sex” atamasi keng qo‘llanilgan bo‘lsa, keyinchalik “gender” termini rivojlanib, insonning ijtimoiy roli, xulq-atvori va jamiyatdagi o‘rni bilan bog‘langan.

**Kalit so‘zlar:** gender, jins, ijtimoiy rol, tilshunoslik, sotsiolingvistika, psixolingvistika

**Резюме.** В данной работе рассматривается понятие гендера с научной и лингвистической точек зрения. В исследовании показано, что гендер не ограничивается биологическим полом (sex), а представляет собой социальную конструкцию, тесно связанную с обществом. Изначально в научной литературе чаще использовался термин «sex», однако со временем термин «gender» получил широкое распространение и стал обозначать социальные роли, поведение и положение человека в обществе.

**Ключевые слова**: гендер, пол, социальная роль, лингвистика, социолингвистика, психолингвистика

**Abstract.** This study examines the concept of gender from scientific and linguistic perspectives. It demonstrates that gender is not limited to biological sex but should be understood as a social construct closely connected with society. While the term “sex” was initially more widely used in academic research, the concept of “gender” later emerged to describe social roles, behavior, and an individual’s position within society.

**Keywords:** gender, sex, social role, linguistics, sociolinguistics, psycholinguistics

---